



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON POU SELEBRE JOUNEN  
VIZIBILITE TRANSEKSYÈL YO**

***Yo pral limen 13 moniman nan Eta a pou selebre Jounen Vizibilite Transeksyèl yo***

***Li pwoklamasyon an [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki deklare 31 mas 2024 kòm Jounen Vizibilite Transeksyèl (Transgender Day of Visibility) yo, pou selebre kominote transeksyèl la nan Eta New York ak atravè peyi a. Gouvènè a te anonse tou ke moniman Eta New York yo ap limen an woz pal, blan ak ble demen, 31 mas pou selebre Jounen Vizibilite Transeksyèl yo.

"Jodi a, n ap selebre Jounen Vizibilite Transeksyèl yo lè nou rekonèt kontribisyon manm kominote transeksyèl yo te fè nan Eta New York ak atravè peyi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè de fòs Nouyòkè transeksyèl yo montre chak jou epi mwen vle fè yon bagay klè: nou toujou byenvini nan New York. Yo renmen w."

Moniman yo pral limen pou selebre Jounen Vizibilite Transeksyèl yo gen ladan:

- One World Trade Center
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Lake Placid Olympic Center
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)